



DE PWOTEKSYON A SWEN

**Yon Fèy de
wout pou
amelyorasyon
jan ou ka
resevwa
swen ak
sante
pibyen**



CMS ta renmen remèsyé Center for Haitian Studies, Health and Human Services pou sipò yo nan devlopman resous pou pwogram Kòmanse nan Asirans pou rive nan Swen.



**Konpliman paske ou pran
asirans sante—se yon premye
etap enpòtan pou pi bon sante ak
byennèt!**

**Kouvèti asirans pa sèlman enpòtan
lè ou malad, li itil tou lè ou pa
malad. Fèy wout sa-a eksplike kisa
asirans sante ye, kijan pou sèvi
ak li pou ka jwenn Premye Swen
ak sèvis prevansyon pou ede ou
ansanm avèk fanmi w viv pi lontan
an bòn sante.**

Kijan li fonksyone:

**Li fèy de wout la depi nan kòmansman jiska
finisman, oswa sote nan yon etap pou referans
rapid. Ou pral jwenn egzanp itil pandan tout fèy de
wout la, e nan fen an ou pral jwenn definisyon pou
tèm swen sante komen ak resous.**

Kòmanse mennen yon vi ki ansante kounye a ...

REFERANS RAPID

Fèy de wout ou pou sante

	Etap 1: Mete sante w anvan	6
	Poukisa prevansyon ak kouvèti asirans sante enpòtan ?	
	Etap 2: Konprann kouvèti asirans sante ou	8
	Ki mo mwen ta dwe konnen? Ki kantite lajan lap koute m pou m jwenn swen?	
	Etap 3: Konnen ki kote pou ale pou jwenn swen	16
	Ki kote pou m ale lè m malad? Ki diferans ki genyen ant depatman ijans ak premye swen?	
	Etap 4: Jwen yon Doktè.....	20
	Kijan mwen ka jwenn yon Doktè ki bon pou mwen? E si yo ba m yon Doktè?	
	Etap 5: Pran yon randevou	24
	Ki enfòmasyon mwen bezwen ak ki kesyon mwen ta dwe poze lè map pran yon randevou?	
	Etap 6: Prepare pou vizit ou	26
	Kisa mwen dwe pote nan randevou a? Ki kesyon mwen ta dwe mande pandan vizit la?	
	Etap 7: Deside si Doktè a bon pou ou.....	30
	Èske se yon Doktè mwen ka fè konfyans pou m travay avèk li? Si non, kisa mwen dwe fè?	
	Etap 8: Pwochen etap apre randevou w la.....	32
	Kisa mwen dwe fè lè m rive lakay mwen? Kijan pou m kenbe sante m?	
	Resous: Glosè ak Lyen	36

FÈY DE WOUT pou sante ou



1



Kòmanse la

Mete sante w anvan

- Rete ansante enpòtan pou ou ak fanmi w.
- Kenbe yon mòdvi ansante lakay ou, nan travay, ak nan kominate a.
- Al fè tout egzamen medikal yo rekòmande w pou fè yo epi jere maladi kwonik yo.
- Kenbe tout enfòmasyon sante ou yonsèl kote.

2



Konprann kouvèti asirans sante ou

- Verifye avèk plan asirans ou oswa pwogram Medicaid Eta oswa CHIP pou wè ki sèvis ki kouvri.
- Abitye avèk depans ou yo (prim, kopeman, dediktib, ko-asirans).
- Konnen diferans ant nan rezo ak andeyò rezo.

3



Konnen ki kote pou ale pou jwenn swen

- Itilize depatman sèvis dijans pou yon sitiyasyon ki potansyèlman grav.
- Premye Swen preferab lè se pa yon sitiyasyon ijans.
- Konnen diferans ant Premye Swen ak swen ijans.



4



Jwen yon Doktè

- Mande moun ou fè konfyans ak/oswa fè rechèch sou entènèt.
- Verifye lis Doktè plan w lan.
- Si yo ba ou yon Doktè, kontakte plan w lan si ou vle fè yon chanjman.
- Si ou enskri nan Medicaid oswa CHIP, kontakte pwogram Medicaid eta oswa CHIP pou èd.

**5**

Pran yon randevou

- Endike si ou se yon nouvo pasyan oswa ou te la deja.
- Bay non plan asirans ou epi mande si yo pran asirans ou a.
- Ba yo non Doktè ou vle wè a epi poukisa ou vle pran yon randevou.
- Mande pou jou ak lè ki bon pou ou.

**6**

Prepare pou vizit ou

- Pote kat asirans ou avèk ou.
- Konnen istwa sante fanmi ou epi fè yon lis de nenpòt medikaman w ap pran.
- Vini avèk yon lis kesyon ak bagay pou diskite, e pran nòt pandan vizit ou.
- Vini avèk yon moun pou ede ou si sa nesesè.

Si ou vle chanje
Doktè w la,
retouren nan
Etap 4.

**7**

Deside si Doktè a bon pou ou

- Èske ou santi w konfòtab avèk Doktè ou te wè a?
- Èske ou te anmezi pou kominike avèk epi konprann Doktè w la?
- Èske ou gen enpresyon ke oumenem ansanm avèk Doktè a te ka pran bon desizyon ansanm?
- Sonje: li akseptab pou chanje a yon lòt Doktè!

**8**

Pwochen etap apre randevou w la

- Swiv enstriksyon Doktè ou.
- Ranpli nenpòt preskripsiyon yo te ba ou, epi pran yo jan yo te preskri a.
- Planifye yon vizit swivi si ou bezwen youn.
- Revize eksplikasyon w sou benefis yo epi peye fakti medikal yo.
- Kontakte Doktè ou, plan sante, oswa Medicaid eta oswa ajans CHIP si w gen nenpòt kesyon.



1 Mete sante w anvan.

Rete ansante ogmante chans ke wap la pou fanmi ou ak zanmi ou pandan anpil ane ankò. Itilize pwoteksyon asirans sante ou lè w malad ak lè ou santi w byen, pou ede ou viv lontan, ak ansante.

Men sa ou kapab fè pou mete sante ak byennèt ou anvan:

- Rezève tan pou aktivite fizik, bonjan kalite manje, detant, ak somèy.
- Jwenn sèvis preventif ki bon pou ou.
- Pran yon wòl aktif nan sante ou.
- Aprann plis osijè sa ou ka fè pou rete ansante epi pataje sa ou te aprann lan avèk fanmi w ak zanmi yo.

KISA YON DOKTÈ YE?

Nou itilize tèm “Doktè” toupatou nan tiliv sa ki vle di yon pwofesyonèl swen sante. Sa a kapab yon doktè, yon enfimyè praktisyen, pwofesyonèl sante konpòtman, oswa yon lòt pwofesyonèl swen sante ou wè. **Doktè Premye Swen** ou pral premye Doktè ou wè piplis, e yo pral aprann konnen w ak ede ou kontwole sante ou detanzantan.



Poukisa swen preventif enpòtan?

Sèvis preventif gen ladan swen sante tankou egzamen, tchèkòp, ak konsèy pasyan ki itilize pou prevni soufrans, maladi, ak lòt pwoblèm sante, oswa pou detekte maladi nan yon etap byen bonè lè tretman gen chans pou l travay pi byen. Jwenn sèvis rekòmandasyon preventif epi fè chwa mòdvi ki ansante yo se etap enpòtan pou bon sante ak byennèt.

Gen yon Doktè ki konnen bezwen sante w, yon moun ou fè konfyans e ou ka travay avè l, ka ede ou:

- asire ke ou jwenn sèvis preventif ki byen adapte pou ou
- fè chwa mòdvi ki ansante
- amelyore byennèt mantal ak emosyonèl ou
- atenn objektif byennèt ak sante ou.

Kenbe tout enfòmasyon sante ou yon sèl kote.

Itilize tiliv sa pou kontwole enfòmasyon asirans sante ou, Doktè w yo, ak sante ou. Li enpòtan pou kenbe enfòmasyon sa ajou, e ou ka vle pote yon kopi ansanm avèk ou pou yon ijans. Sonje pou pwoteje idantite ou lè w pwoteje enfòmasyon pèsonèl ou!

KONSÈY SOU DEPANS

Ou ka anmezi pou resevwa yon vizit chak ane oswa kèk rekòmandasyon pou sèvis preventif gratis tankou vaksen pou grip, egzamen pou obezite ak konsèy, ak egzamen pou depresyon. Pale avèk Doktè ou osijè de sa ki bon pou ou, epi itilize lis kontwòl sante pèsonèl la ki nan do tiliv sa a pou kontwole rezulta ou yo.




Konprann kouvèti asirans sante ou.

Asirans sante peye pou sèvis Doktè yo, medikaman, swen lopital, ak ekipman spesyal lè ou malad. Li enpòtan tou lè w pa malad. Pifò kouvèti asirans sante yo gen ladan vaksen pou timoun ak adilt, vizit anyèl pou fi ak moun ki aje, egzamen pou obezite ak konsèy pou moun ki gen tout laj, ak plis gratis. Kenbe kouvèti asirans ou lè w peye prim ou chak mwa (si ou genyen yo).

Plan asirans yo ka diferan depannde Doktè ou wè yo ak ki kantite lajan ou gen pou peye. Pwogram Medicaid ak CHIP egalman varye de eta a eta. Verifye avèk konpayi asirans ou oswa Medicaid eta ak pwogram CHIP pou asire ke ou konprann pou ki sèvis ak Doktè plan w lan pral peye epi konbyen chak vizit oswa medikaman pral koute. Mande yo pou yon dokiman

Rezime Benefis ak Kouvèti asirans ki rezime karakteristik primè plan an oswa kouvèti, tankou benefis ki kouvri, pwovizyon pri-pataje, ak limitasyon asirans ak eksepsyon yo.




Men eksplikasyon kèk mo enpòtan asirans sante ke ou kapab tande. Yo eksplike lòt mo kle yo nan do tiliv sa.

- **Yon Rezo (Network)** se etablisman yo, Doktè yo, ak Doktè konpayi asirans ou pran kontra pou bay sèvis swen sante.
 - Kontakte konpayi asirans ou pou jwenn ki Doktè ki “nan-rezo.” Yo ka rele Doktè sa yo tou “Doktè prefere” oswa “Doktè patisipan.”
 - Si yon Doktè “andeyò-rezo a” li ka koute ou plis lajan pou wè yo.
 - Rezo yo ka chanje. Verifye avèk Doktè ou chak fwa wap pran yon randevou, kidonk wap konnen ki kantite lajan ou pral gen pou peye.
- **Yon Dediktib (Deductible)** se kantite lajan ou dwe pou sèvis swen sante konpayi asirans sante ou oswa plan kouvri anvan asirans sante w oswa plan an kòmanse peye.

Pa egzanp, si dediktib ou se \$1,000, plan an pap peye anyen jiskaske ou fin satisfè dediktib \$1,000 w la pou sèvis swen sante ki kouvri sijè a dediktib. Dediktib la ka pa aplike a tout sèvis yo.

- **Ko-asirans (Co-insurance)** se pataj ou nan depans sèvis swen sante ki kouvri, ki kalkile kòm yon pouvantaj (pa egzanp, 20%) nan montan ki otorize pou sèvis la. Ou peye ko-asirans plis nenpòt dediktib ou dwe.

Pa egzanp, si montan lajan konpayi asirans sante a oswa plan otorize pou yon vizit lakay doktè se \$100 e ou te satisfè dediktib ou, peman ko-asirans de 20% ta dwe \$20. Asirans sante oswa plan peye rès montan lajan ki otorize a.



- **Yon Kopeman (Copayment)** oswa kopay se montan lajan yo ka oblige w pou peye kòm patisipasyon ou nan depans pou yon sèvis medikal oswa ekipman, tankou yon vizit lakay doktè, vizit pou pasyan andeyò lopital, oswa preskripsyon medikaman. Yon kopeman se jeneralman yon montan lajan fiks, olye de yon poustantaj.

Pa egzanp, ou ka peye \$10 oswa \$20 pou yon vizit lakay doktè, tès laboratwa, oswa preskripsiyan. Kopeman yo jeneralman ant \$0 ak \$50 depanne plan asirans ou ak kalite vizit oswa sèvis.

- **Yon prim (Premium)** se montan lajan ke ou dwe peye pou asirans sante ou oswa plan. Oumenm ak/oswa anplwayè ou jeneralman peye l chak mwa, chak twa mwa, oswa pa ane. Li pa enkli nan dediktib ou, kopeman ou, oswa ko-asirans ou. Si w pa peye prim lan, ou kapab pèdi kouvèti asirans lan.

- **Debousman maksimòm ki soti nan pòch ou (Out-of-pocket maximum)** se plis ou ka peye pandan yon peryòd kontra (jeneralman yon ane) anvan asirans sante ou oswa plan kòmanse peye

100% pou benefis swen sante esansyèl ki kouvri yo. Limit sa gen ladan, ko-asirans, kopeman, oswa chaj parèy ak nenpòt lòt depans yon moun fè pou yon depans medikal kalifye. Limit sa pa gen pou l enkli prim oswa depans pou swen sante ki pa esansyèl.

Limit maksiomòm debousman ki soti nan pòch pou nenpòt plan endividyèl Marketplace la pou ane 2014 pa kapab pi plis pase \$6,350 pou yon plan endividyèl ak \$12,700 pou yon plan fanmi.

- **Eksplikasyon Benefis yo (oswa EOB) [Explanation of Benefits (or EOB)]** se yon rezime chaj swen sante ke plan sante ou ap voye ba ou apre ou fin soti lakay yon Doktè oswa ou te resevwa yon sèvis. Se pa yon fakti. Li se yon dosye pou swen sante w oswa moun yo ki kouvri nan kontra asirans ou te resevwa ak kantite lajan Doktè w la ap chaje plan sante ou. Si ou gen pou peye plis pou swen ou, Doktè ou pral voye ba ou yon fakti separe.





Kat asirans ou oswa lòt dokiman

Ou pwobableman te resevwa yon pake manm avèk enfòmasyon osijè kouvèti asirans ki soti nan swa plan sante ou oswa Medicaid eta oswa pwogram CHIP. Li enfòmasyon sa paske ou pral bezwen lè ou gen pou al wè yon Doktè oswa si ou rele konpayi asirans ou pou mande yon kesyon. Si ou pa ka li oswa konprann li, rele plan sante ou oswa pwogram CHIP oswa Medicaid eta epi mande yo pou yo eksplike w li.

Ou ka te resevwa yon kat oswa lòt dokiman kòm prèv asirans ou. Kat ou a ka parèt diferan de sa a, men ou ta dwe gen menm kalite enfòmasyon an. Kèk plan sante pa gen kat, men ou ta dwe resevwa enfòmasyon sa nan yon lòt fason. Si ou pat resevwa yon kat, kontakte plan sante w la pou wè si ou ta dwe gen youn.

NON KONPAYI ASIRANS

Kalite Plan

4

Dat Efektif

Gwoup Preskripsyon # XXXXX

Kopeman Preskripsyon
\$15.00 Jenerik
\$20.00 Non mak

7

Non Manm: Jane Doe

1

Nimewo Manm: XXX-XX-XXX

2

Nimewo Gwoup: XXXXX-XXX

3

Kopeman PCP \$15.00

Kopeman Spesyalis \$25.00

Kopeman Sal Dijans \$75.00


5

Sèvis Manm: 800-XXX-XXXX

6

Enfòmasyon ki annaprè a ta dwe enkli nan kat asirans ou a oswa yon lòt dokiman ki soti nan plan sante w la oswa Medicaid eta oswa CHIP.

- 1 Non Manm ak dat nesans.** Sa yo jeneralman enprime sou kat ou a.
- 2 Nimewo Manm.** Yo itilize nimewo sa a pou idantifye ou kidonk Doktè w la konnen kijan pou l faktire plan sante w la. Si konjwen ou oswa timoun yo egalman enkli nan kouvèti asirans lan, nimewo manm ou a ka gen anpil resanblans.
- 3 Nimewo Gwoup.** Yo itilize nimewo sa a pou kontwole benefis spesifik plan w lan. Yo itilize l tou pou idantifye ou kidonk Doktè w konnen kijan pou l faktire konpayi asirans ou.
- 4 Kalite Plan.** Kat ou a kapab genyen yon etikèt tankou HMO, PPO, HSA, Ouvè, oswa yon lòt mo pou dekri kalite plan ou genyen an. Bagay sa yo ap di ou ki kalite rezo plan w lan genyen ak ki Doktè ou ka wè ki disponib “nan-rezo a” pou ou.
- 5 Kopeman.** Sa yo se kantite lajan ke ou pral dwe lè w jwenn swen sante.
- 6 Nimewo telefòn.** Ou ka rele plan sante w la si ou gen kesyon osijè pou jwenn yon Doktè oswa sa ki enkli nan kouvèti asirans ou a. Nimewo telefòn yo pafwa liste nan do kat ou a.
- 7 Preskripsyon kopeman.** Sa yo se kantite lajan ke ou pral dwe pou chak preskripsyon ou te ranpli.



Kesyon ki anba yo ka ede w pi byen konprann kouvèti asirans ou ak sa ou pral peye lè w jwenn swen sante. Si ou pa konnen repons a kesyon sa yo, kontakte plan asirans ou oswa Medicaid eta oswa ajans CHIP.

- Konbyen ou pral gen pou peye pou yon vizit lakay doktè Premye Swen ou? Yon vizit spesyalis? Yon vizit sante mantal/konpòtman?
- Èske map gen pou m peye yon kantite lajan differan si m wè yon Doktè ki “nan-rezo” oswa “andeyò-rezo” a?
- Konbyen lajan map gen pou m peye pou preskripsyon medikaman?
- Èske gen limit sou kantite vizit lakay yon Doktè, tankou yon Doktè sante konpòtman oswa terapi fizik?
- Konbyen lajan li pral koute m pou m ale nan Sal Dijans si se pa yon ijans?
- Kisa dediktib mwen ye?
- Èske m bezwen yon referans pou m wè yon spesyalis?
- Ki sèvis plan mwen an pa kouvrí?

ANPECHE FWOD NAN SWEN SANTE

Si yon lòt moun itilize kat asirans oswa nimewo manm ou pou jwenn yon preskripsyon medikaman oswa swen medikal, kidonk w ap komèt fwod. Ede anpeche fwod swen sante.

- Pa kite okenn moun itilize kat asirans ou.
- Kenbe enfòmasyon sante ou ansekirite.
- Rele konpayi asirans ou a touswit si ou pèdi kat asirans ou oswa si w sisplèk fwod.



Men kèk egzanz sou fason plan asirans ou oswa Medicaid eta oswa pwogram CHIP ka itilize tèm yo ki diskite nan seksyon sa a pou kouvri swen medikal ou.

- Tout plan sante yo dwe ba ou yon Rezime sou Benefis ak Kouvèti asirans, sa ki pral gen egzanz sa yo montre kijan plan an ka ede ou peye pou sèvis yo.
- Pri aktyèl ak swen pral varye selon bezwen swen sante ou ak kouvèti asirans ou.
- Kontakte plan sante ou oswa Medicaid eta oswa pwogram CHIP jou jwenn plis enfòmasyon.

Ou pral fè yon tibebe (akouchman nòmal)

- Kantite lajan ou dwe Doktè yo: \$7,540
- Plan peye \$5,490
- Pasyan peye \$2,050

Egzanz depans pou swen:

Chaj Lopital (manman)	\$2,700
Swen woutin obstetrik	\$2,100
Chaj Lopital (tibebe)	\$900
Anestezi	\$900
Tès Laboratwa	\$500
Preskripsyon	\$200
Radyoloji	\$200
Vaksen, lòt preventif	\$40
Total	\$7,540

Pasyan peye:

Dediktib	\$700
Kopeman	\$30
Ko-asirans	\$1,320
Total	\$2,050

Jere dyabèt tip 2

(1 ane antreteny woutin nan yon maladi kwonik ki byen kontwole)

- Kantite lajan ou dwe Doktè yo: \$5,400
- Plan peye \$3,520
- Pasyan peye \$1,880

Egzanz depans pou swen:

Preskripsyon	\$2,900
Ekipman medikal ak founiti	\$1,300
Vizit nan klinik ak pwosedi	\$700
Edikasyon	\$300
Tès Laboratwa	\$100
Vaksen, lòt preventif	\$100
Total	\$5,400

Pasyan peye:

Dediktib	\$800
Kopeman	\$500
Ko-asirans	\$580
Total	\$1,880

Nlmewo yo se pa depans reyèl e yo pa gen tout enfòmasyon kle yo.

Sous: <https://www.cms.gov/CCIIO/Resources/Files/Downloads/sbc-sample.pdf>



3


Konnen ki kote pou ale pou jwenn swen.



BEZWEN ÈD?

Rele 9-1-1 si w gen yon ijans oswa yon kondisyon ki potansyèlman grav.

Byenke ou ka jwenn swen sante diferan kote, enkli nan depatman ijans lan, li pi bon pou ou pou w jwenn swen woutin ak sèvis prenvantif ki rekòmande nan men yon Doktè Premye Swen. Gen kèk bon diferans ant vizit nan klinik Doktè Premye Swen ou ak vizit nan depatman ijans, tankou depans, tan ou pase pou rete tann swen, ak swivi. Tab yo nan paj 18–19 ap ede ou wè anpil fason ale nan vizit klinik Doktè Premye Swen ou diferan de vizit nan depatman ijans.



Ou ka jwenn Doktè Premye Swen nan biwo, klinik, ak nan sant sante nan tout peyi a. Depannde de kouvèti asirans ou ak sikonstans pèsonèl yo, ou ka jwenn yon Doktè Premye Swen nan:

- Gwoup ak pratik medikal prive
- Sant sante anbilatwa ak klinik andeyò lopital
- Sant Sante kalifye Federal
- Klinik gratis ak klinik kominotè
- Sant sante ki baze lekòl
- Sèvis Sante Endyen, Tribi, ak Etablisman Pwogram Sante Iben Endyen.
- Sant Medikal pou Afè Veteran ak klinik pou pasyan ki pa entène lopital.

Doktè Premye Swen yo travay avèk pasyan yo chak jou pou asire ke yo jwenn sèvis preventif ki apwopriye, jere kondisyon kwonik yo, ak amelyore sante ak byennèt yo. Kèk etablisman ka ofri sèvis ak sipò ki baze sou bezwen kominote yo sèvi a, tankou sèvis ak sipò ki baze sou kominote, sante mantal, dantè, sèvis vizyon, transpòtasyon, ak entèpretasyon lang.

KONNEN ANVAN OU ALE

Se pa tout kalite Doktè a etablisman yo ki pran tout kalite plan asirans oswa kalite kouvèti asirans. Rele biwo a anvan ou ale pou asire ke yo wè pasyan yo ki genyen kouvèti asirans ou a.





Diferans ant Biwo Doktè w la ak Ijans

Doktè Premye Swen

Ou pral **peye kopeman Doktè Premye Swen w la**, si ou gen youn.
Sa a ka koute w ant \$0 ak \$50.



Ou ale lè w **santi ou malad ak lè ou santi w byen**.

Ou dwe **rele anvan** pou pran yon randevou.

Ou ka rete tann yon titan pou yo rele w apre ou fin rive
men yo pral wè ou jeneralman nan **lè randevou w la**.

Jeneralman ou pral wè menm **Doktè a chak fwa**.

Doktè w la **pral** jeneralman gen aksè a dosye sante ou.

Doktè w la travay avèk ou pou **kontowle maladi kwonik ou** epi
ede w amelyore sante ou anjeneral.

Doktè w la pral **verifye lòt aspè nan sante ou**, pa sèlman
pwoblèm nan ki mennen w la jodia.

Si w ta bezwen wè lòt Doktè yo oswa jere swen ou, **Doktè w la ka ede ou fè yon plan**, pran medikaman ou yo, epi pwogramme vizit
swivi ki rekòmande yo oswa jwenn yon spesyalis.

Nan kèk zòn, ou ka ale nan yon **Sant Swen Ijans**. Si Swen Ijans disponib na
lajan ou pral gen pou peye.

Depatman Ijans

Depatman Ijans

Ou pral pwobableman **peye yon kopeman, ko-asirans, e ou pral gen pou satisfè dediktib ou** anvan plan sante w la peye pou depans ou yo, espesyalman si se pa yon ka ijans. Kopeman w lan kapab ant \$50 ak \$150.

Ou pa ta dwe ale sèlman lè ou **blese oswa malad anpil**.

Ou **prezante lè ou bezwen epi wap rete tann** jiskaske yo rive sou ou.

Ou kapab **rete tann pandan plizyè èdtan** anvan yo egzamine ou si se pa yon ijans.

Doktè kap travay nan jou sa a pral egzamine ou.


Doktè ki egzamine w la pwopableman **pa pral** gen aksè a dosye sante ou.

Doktè a **ka pa konnen ki kondisyon kwonik ou genyen**.

Doktè a **pral sèlman tcheke pwoblèm ijan** ou vin trete a men li ka pa mande ou osijè lòt preyokipasyon.

Lè vizit ou a fini yo pral **egzeyate ou avèk enstriksyon pou swiv** avèk Doktè Premye Swen ou ak/oswa spesyalis. Gendwa pa gen okenn sipò swivi.

an zòn ou an, rele plan sante w la anvan ou ale pou ka konnen ki kantite





4 Jwen yon Doktè.

Chwazi bon Doktè a se youn nan desizyon pi enpòtan ou pral pran osijè swen sante ou, jwenn sa ki bon an ka mande yon ti travay.

Sonje, w ap chèche yon patnè ou ka fè konfyans epi travay avè I pou amelyore sante ak byennèt ou, kidonk pran yon titan pou panse sou sa ou bezwen. Depannde kijan bezwen an swen sante ou konplike, ou kapab bezwen pou wè plis pase yonsèl kalite Doktè. De kalite Doktè komen yo liste anba.

Yon **Doktè Premye Swen (Primary Care Provider)** se li menm ou pral wè anvan pou pifò pwoblèm sante yo. Yo pral travay egalman avèk ou pou jwenn egzamen ki rekòmande pou ou, kenbe dosye sante ou, ede w jere maladi kwonik yo, epi relye ou avèk lòt kalite Doktè si w bezwen yo, si ou se yon adilt, Doktè Premye Swen ou kapab rele yon doktè familyal oswa doktè, praktisyen jeneral, enfimyè praktisyen, oswa asistan doktè. Doktè ptit ou oswa adolesan w lan ka rele yon pedyat. Si ou se yon moun ki aje, Doktè w la kapab rele yon jeryat.


Nan kèk ka plan sante w la kapab asiyen ou a yon Doktè. Ou ka jeneralman chanje Doktè si ou vle. Kontakte plan sante w la osijè fason pou fè sa.

Yon **Spesyalis (Specialist)** pral egzamine w pou sèten sèvis oswa pou trete kondisyon spesifik. Spesyalis yo gen ladan: kadyolojis, onkològ, sikolojis, alèjis, podyat, ak òtopedis.

Ou ka bezwen yon **Referans (Referral)** (oswa jwenn enstriksyon spesyal) nan men Doktè Premye Swen ou avan w al wè yon spesyalis nan fason pou plan sante w la peye pou vizit ou a. Pou kèk sèvis, plan sante w la ka mande w pou jwenn yon **Pre-otorizasyon (Preauthorization)** anvan — yon desizyon konpayi asirans ou an pran oswa yon plan asirans ke yon sèvis swen sante, plan tretman, preskripsyon medikaman, oswa ekipman medikal dirab medikalman nesesè. Sa a rele egalman otorizasyon alavans, apwobasyon alavans, oswa sètifikasyon-alavans.

BON DOKTÈ A

Li ka pran ou plis pase yonsèl vizit pou detèmine si yon Doktè reponn a atant ou.





Swiv kat etap sa yo pou jwenn yon Doktè ou ka fè konfyans epi fè patenarya avè l pou viv yon vi ki long ak ansante.

1. Identifie Doktè yo nan rezo w la.

- Rele konpayi asirans ou oswa Medicaid eta oswa pwogram CHIP, vizite sit entènèt yo, oswa tcheke manyèl manm yo a pou jwenn Doktè yo ki nan rezo ou ki aksepte asirans sante w la.
- Di yo si w ap chèche yon bagay patikilye, tankou yon Doktè ki pale yon lòt lang ki diferan de Anglè, oswa youn ki ka akomode mobilite ou oswa lòt defisyans fonksyonèl.
- Si w déjà gen yon Doktè ou renmen e ou vle kontinye travay avè l, rele biwo yo epi mande si yo aksepte asirans ou a.
- Kenbe nan lespri ou lepli souvan, ou pral gen pou peye plis pou wè yon Doktè ki pa nan rezo a olye de yon Doktè ki nan rezo a.

2. Mande moun toupatou.

- Mande zanmi oswa fanmi si yo gen Doktè ke yo renmen.
- Mande yo ki kalite Doktè yo ye epi kisa yo renmen osijè de yo.
- Pafwa ou kapab chèche Doktè sou entènèt pou wè kisa lòt moun yo nan kominate a ap di osijè de yo.



3. Chwazi yon Doktè.

Rele biwo Doktè a epi mande yo kesyon pou ede w deside kimoun ou vle pou Doktè Premye Swen ou. Men kèk bagay ou ka reflechi sou yo:


- Èske Doktè a ap aksepte nouvo pasyan, oswa pasyan ki gen asirans ou a? Sa a ka chanje pandan ane a, kidonk ou ta dwe toujou mande.
- Èske klinik la toupre avèk lakay ou oswa travay? Kijan ou kapab rive la?
- Èske lè randevou a adapte avèk orè ou?
- Èske Doktè a pale lang ou oswa li gen yon entèprèt ki disponib?
- Si w gen mobilite limite oswa defisyans fonksyonèl, èske w ap ka ale nan klinik Doktè a, monte sou tab egzamen ak sou balans, epi jwenn enfòmasyon enpòtan nan fason ki reponn a bezwen ou?
- Avèk ki lopital (yo) Doktè a travay epi èske ou ka ale la?
- Èske anplwaye yo nan klinik lan respekye ak itil?

4. Eseye yo!

Pafwa li pran plis pase yonsèl vizit pou detèmine si yon Doktè bon pou ou.

KONSEY SOU DEPANS

Mande plan w lan si w bezwen otorizasyon alavans anvan wal vizite yon Doktè. Si w pa gen otorizasyon alvans, yo ka chaje ou pou bagay plan sante w la ta gen pou peye.



5 Pran yon randevou.

Lè w ap pran randevou w la, mete kat asirans ou oswa lòt dokiman yo pare epi konnen sa ou vle.

Men kèk bagay ou ta dwe mansyone lè w rele ak sa yo kapab mande ou.

Ou ta dwe di:

- Non ou si w se yon nouvo pasyan.
- Poukisa ou vle wè Doktè a. Ou ka vle di yo ke w ap chèche yon nouvo Doktè Premye Swen epi mande pou yon “egzamen anyèl,” oswa yon “vizit byennèt,” oswa ou ka mande pou vini paske ou gen yon preyokipasyon spesifik, tankou grip, alèji, oswa depresyon.
- Non plan asirans ou oswa ke ou genyen Medicaid oswa pwoteksyon asirans CHIP epi asire ke ou gen enfòmasyon ki kòrèk osijè kiyès nan Doktè yo nan klinik lan ki nan rezo w la.
- Non Doktè ou ta renmen wè a. Ou kapab rete tann pi lontan pou yon randevou si w mande yon Doktè patikilye, kidonk yo ka rekòmande w yon lòt Doktè nan rezo w la si w santi ou malad e ou bezwen vini pi bonè.
- Si w gen yon bezwen spesifik—tankou tradiksyon oswa ekipman medikal aksesib —mande si Doktè a ak biwo a kapab satisfè bezwen sa. Si yo pa kapab, mande si genyen yon lòt Doktè nan klinik lan ki kapab.
- Jou ak lè yo bon pou ou. Kèk klinik gen randevou wikenn oswa aswè.


Ou ta dwe mande tou:

- Si yo ka voye ba ou nenpòt fòm ou bezwen ranpli anvan ou rive. Sa pral ekonomize tan nan jou vizit ou a.
- Si w bezwen pou pote nenpòt bagay nan vizit la, tankou dosye medikal oswa medikaman aktyèl yo.
- Kisa pou fè si w bezwen chanje oswa anile randevou w la. Gen kèk klinik ki chaje yon frè pou randevou ou rate, randevou arreta, oswa randevou ki anile mwens pase 24èdtan anvan yo kòmanse.

Kisa pou atann lè wap pran yon randevou:

- Yo kapab mande ou enfòmasyon osijè asirans ou, kidonk mete kat ou oswa lòt enfòmasyon pare lè w ap rele.
- Ou kapab rete tann kèk semèn pou jwenn yon randevou, espesyalman si w se yon nouvo payan.
- Si w rele klinik Doktè w la paske ou malad, yo ka wè ou menm jou a.





6

Prepare pou vizit ou.

**Si se premye vizit ou lakay yon nouvo Doktè oswa si wap
utilize nouvo kouvèti asirans sante, ou pral bezwen pou pote
kèk bagay avèk ou.**

Sa a pral ede Doktè w la konprann sante ak mòdvi ou, epi ede w travay ansanm pou amelyore sante ak byennèt ou pandan vizit ou ak apre ou fin kite.

Li enpòtan pou rive bonè nan randevou w la!

Lè ou rive nan biwo Doktè w la, verifye avèk moun ki nan biwo devan. Yo ka mande w pou bay sa ki annaprè yo:

- Kat asirans oswa lòt dokiman.
- Idantifikasyon ki gen foto (egzanp., lisans chofè, Idantite lekòl oswa gouvènman, paspò, elatriye.)
- Konplete fòm yo.
- Kopeman ou, si w gen youn. Mande yon resi pou dosye ou.

Anplwaye yo ka mande ou pou ranpli plis fòm ak pou li osijè règleman lavi prive yo, sa ki montre ou kijan yap kenbe enfòmasyon ou prive. Li obligatwa daprè lalwa.


KONSEY SOU DEPANS

Si w bezwen chanje randevou w la, kontakte biwo Doktè w la opli vit ke posib. Anpil Doktè chaje yon frè si w anreta, ou pa vini nan randevou, oswa ou anile randevou a mwens pase 24 èdtan anvan li kòmanse. Piò plan sante yo pa pral peye pou frè sa yo.

Lè ou wè Doktè w la, li itil pou pataje:

- Istwa sante fanmi ak dosye medikal yo, si w genyen yo.
- Medikaman wap pran (ak boutèy yo kidonk Doktè w la konnen ki dòz wap pran). Si w bezwen yon renouvèlman, mande pou youn.
- Keson oswa preyokipasyon ou genyen sou sante ou—ekri yo kidonk ou pap blyie mande yo.

Ou ka vle mennen yon moun avèk ou, tankou yon zanmi oswa manm fanmi, pou ede w pale avèk Doktè a.



KONNEN DWA OU

Yo dwe trete w avèk respè e yo dwe kenbe enfòmasyon ou yo prive. Si w pa kontan avèk fason yo te trete w, mande pou pale avèk yon manadjè biwo oswa Doktè a epi di yo preyokipasyon ou. Si pwoblèm nan pa rezoud, alòs klinik sa pa bon pou ou.




Ou pa dwe timid!

Doktè ou la pou ede ou rete ansante. Yo ka bay pi bon swen si w pale avèk yo osijè sante ak byennèt ou epi pataje nenpòt kesyon oswa preyokipasyon ou genyen. Si Doktè w la di yon bagay ou pa konprann, pale mande enfòmasyon!

Ou ta dwe anmezi pou reponn a kesyon sa yo anvan ou kite klinik Doktè w la:


- Kijan sante m ye? Kisa pou m fè pou m rete ansante?
- Kisa pou m fè apre? Èske m bezwen egzamen san oswa yon lòt tès? Si se sa, poukisa li bon? Kilè ak kijan map jwenn rezulta yo?
- Si ou gen yon maladi oswa yon kondisyon kwonik, ki opsyon tretman mwen genyen? Ki benefis ak preyokipasyon pou chak opsyon? Kisa ki pral pase si m pa pran swen I ?
- Si m bezwen pran medikaman, kilè pou m pran I epi konbyen mwen dwe pran? Èske gen okenn efè segondè? Èske gen yon jeneric ki disponib?



MANDE

Mande Doktè ou pou materyèl alekri ou ka pote lakay ou pou li, e si gen yon nimewo telefòn ou ka rele si w gen kesyon. Pa deplase jiskaske ou jwenn repons a tout kesyon ou yo epi ou konprann kisa pou fè annaprè.

- Èske m bezwen wè yon espesyalis oswa yon lòt Doktè? Èske mwen mande Doktè m yon sijesyon? Èske mwen bezwen yon referans? Si wi, èske mwen genyen l?
- Kilè map gen pou m retounen pou pwochen vizit mwen an?
- Kisa pou m fè si m reyalize mwen gen kesyon lè m rive lakay mwen?



KONSEY SOU DEPANS

Si w gen pou pran medikaman e ou te gen preyokipasyon osijè konbyen lajan li pral koute, di Doktè w la sa. Yo kapab gen opsyon pi koute mwen chè pou medikaman ou yo, oswa konnen pwogram ki kapab ede pasyan yo peye pou medikaman yo.



7

Deside si Doktè a bon pou ou.

Sante ak byennèt ou enpòtan epi pèsonèl e ou ta dwe gen yon Doktè ke ou kapab travay avè l, fè konfyans, epi santi w konfòtab pou pale avèk li.

Sonje:


- Li enpòtan pou jwenn yon Doktè ki reponn a bezwen ou.
- Si w pa satisfè avèk premye vizit la, konsidere pou eseye yon lòt vizit ankò. Ou ka rele klinik Doktè a epi pataje enkyetid ou. Ou kapab wè yon lòt Doktè nan klinik sa.

KONSEY SOU DEPANS

Si yo te afekte ou a yon Doktè e ou ta renmen eseye yon lòt moun, rele plan sante w la oswa ale sou sitwèb yo a pou fè chanjman sa a. Asire ke ou chwazi yon Doktè ki nan rezo a oswa ou pral gen pou peye plis pou swen sante ou.

PALE

Si w pa konfòtab avèk Doktè w la, di yon bagay! li akseptab pou mande chanjman oswa chèche yon lòt Doktè. Doktè ki bon pou ou a pral reponn a bezwen ou lè w mande.



Apre premye vizit ou, panse sou kesyon sa yo:

Wi?

Non?

- Èske ou fè Doktè w la konfyans, epi ou panse yo sousye osijè sante ou ak oumenm antanke moun?
- Èske ou panse yo te tandé w e yo te pánchez sou bezwen sante ou?
- Èske Doktè w la te reponn kesyon ou yo nan yon fason ou te kapab konprann?
- Èske Doktè w la itilize mo ke ou te ka konprann, pale lant ase, prete atansyon a sa ou te di, epi pale nan yon fason ki mete ou alèz?
- Èske ou panse Doktè w la te montre yon enterè nan enkyetid ou yo?
- Lè yo tap konsilte ou epi pale avè ou osijè sante ou, èske Doktè a te respekte opinyon, kilti ak kwayans ou? Èske se yon kote ou ta santi w konfòtab pou retounen?
- Èske yo te bay tout asistans ou te mande, tankou yon entèprèt, tradiksyon oswa lòt fòm materyèl alekri altène? Èske w kapab deplase fasilman nan klinik lan epi itilize ekipman medikal san okenn obstak?
- Èske ou panse Doktè w la te trete ou avèk ekite ansanm avèk anplwaye yo nan klinik lan?
- Èske ou te kapab kontakte Doktè a oswa anplwaye yo nan klinik lan si w ta bezwen mande yon kesyon?

Si w reponn “**Wi**” a chak nan kesyon sa yo, alòs ou kapab jwenn yon Doktè ki bon pou ou!

Si w reponn “**Non**” a nenpòt nan kesyon sa yo, poze tèt ou kesyon si ou panse Doktè a oswa anplwaye yo ta fè chanjman si w ta pale. Pafwa mande sa ou bezwen an se pi bon fason pou jwenn li.

Si ou vle chanje Doktè, **Retounen nan Etap 4** epi chèche ankò nan lis Doktè ki “nan-rezo” a pou jwenn yon moun ou kapab fè konfyans epi travay ansanm avèk li.



8


Pwochen etap apre randevou w la.

Kounye a ke ou fin jwenn yon Doktè epi ou fin fè premye vizit ou, ki kote ou prale apati de la?

Ou pral konsilte Doktè Premye Swen ou pou swen prevantif ki rekòmanerde ak pou ede jere maladi kwonik yo, ansam avèk lè w santi ou malad. Menmsi w al wè yon spesyalis pou yon sèvis spesifik oswa kondisyon, ou pral toujou retounen lakay Doktè Premye Swen ou.

Mande Doktè ou oswa anplwaye li yo pou enfòme ou sou dat pwochen vizit ou oswa egzamen sante ki rekòmande yo. Pran yon randevou pou vizit sa opli vit ke posib ou kapab epi ekri l yon kote pou ka sonje l, oswa nan do liv sa.

Si w gen kesyon oswa enkyetid ant vizit yo, rele Doktè ou. Yo kapab reponn kesyon ou genyen yo osijè sante ak byennèt ou epi ajiste nenpòt medikaman wap pran.



Fè swivi avèk rekòmandasyon Doktè w la. Pa egzanp, si yo di w pou ale lakay yon spesyalis, èske ou te rele pou pran yon randevou?

Si non, se paske:

Ou blyie. Èske w bezwen yon rapèl? Mete l nan kalandriye ou, oswa itilize yon aplikasyon smartphone.

Ou pat konprann sa ou te sipoze fè. Rele Doktè ou. Mande yo kesyon jiskaske ou konprann, epi pran nòt. Konsidere ale avèk yon moun ou fè konfyans nan pwochen vizit la.

Ou te twò okipe. Sonje pou mete sante ou anvan, epi kreye tan. Kèk Doktè ofri randevou lasemèn oswa nan lè wikenn.

Ou pat gen lajan. Si w enkyete ou pa ka peye pou swen, ka gen fason pou diminye pri ou. Doktè ou kapab ba ou yon medikaman ki koute mwen chè, oswa ou ka kalifye pou pwogram kap ede w avèk depans yo. Mande pou yo.

Ou pat santi tankou yo te trete ou avèk respè ak diyite. Si fason Doktè oswa anplwaye biwo a te pale oswa aji fè w pa vle retounen oswa tandé yo, pale oswa konsidere pou chanje Doktè yo. Bon Doktè a pral trete ou avèk respè epi reponn a bezwen lang ou, kilti, mobilite, oswa lòt bezwen.

Ou te pè. Anpil moun enkyete osijè move nouvèl. Sonje lè ou jwenn swen prevantif ki bon pou ou, Doktè w la gen plis chans pou l jwenn yon maladi oswa yon pwoblèm bonè epi ede ou geri pi vit.



Li Eksplikasyon Benefis ou (EOB)

Apre ou fin vizite Doktè ou, ou kapab resevwa yon Eksplikasyon sou Benefis yo (EOB) de konpayi asirans ou. Sa a se yon apèsi sou chaj total pou vizit ou a epi konbyen lajan oumenm ak plan sante w la pral gen pou peye. Yon EOB se PA YON FAKTI e li ede asire ke sèlman oumenm ak fanmi ou ap itilize kouvèti asirans lan. Ou kapab resevwa yon fakti separe nan men Doktè a.

Men yon egzant sou Eksplikasyon Benefis yo

Plan asirans ou oswa Medicaid oswa **Nimewo Sèvis Kliyan** ajans CHIP la ka toupre logo plan asirans lan nan do EOB w la.

Eksplikasyon Benefis yo (EOB)

Sèvis kliyan: 1-800-123-4567

Dat Relve Kont: XXXXXX
Nimewo dokiman: XXXXXXXXXXXXXXXXXX
SA A SE PA YON FAKTI

Non manm:
Adrès:
Vil, Eta, Kod Postal:

Logo Plan
Asirans

Nimewo abone: XXXXXXXXX ID: XXXXXXXXX Gwoup: ABCDE Nimewo Gwoup: XXXXXX

Non Pasyan: Dat resevwa:	5 Doktè: Benefisyè:	Nimewo reklamasyon: XXXXXXXXX Dat peman: XXXXXXXX
-----------------------------	------------------------	--

Detay reklamasyon				Kisa Doktè w la kapab chaje ou		Responsabilite ou			Pri total reklamasyon		
No. Lij	Dat Sèvis	1 Deskripsiyon Sèvis	Stati reklamasyon an	2 Frè Doktè	3 Chaj otorize	Kopeman	Dediktib	Ko-asirans	4 Peye pa Konpayi Asirans	6 Sa ou dwe	7 Remak Kod
1	3/20/14–3/20/14	Swen Medikal	Peye	\$31.60	\$2.15	\$0.00	\$0.00	\$0.00	\$2.15	\$0.00	PDC
2	3/20/14–3/20/14	Swen Medikal	Peye	\$375.00	\$118.12	\$35.00	\$0.00	\$0.00	\$83.12	\$35.00	PDC
		Total		\$406.60	\$120.27	\$35.00	\$0.00	\$0.00	\$85.27	\$35.00	

Remak Kod: PDC—Kantite lajan ki faktire a depase peman maksimòm ki otorize a. Peman se pou montan lajan ki otorize a.

Peye fakti ou epi kenbe nenpòt ki papye. Kèk Doktè pa pral wè si ou gen fakti medikal ki pa peye. Ou kapab ale sou entènèt pou chèche pwòp enfòmasyon sante ou, tankou rezulta egzamen ak tès oswa medikaman ki preskri. Sa a kapab ede w pran anchaj pou jere sante ou.

APÈL ak PLENT

Si w gen plent oswa ou pa satisfè avèk yon refi nan kouvèti asirans pou reklamasyon anba plan sante ou, ou kapab anmezi pou fè apèl oswa depoaze yon plent. Pou kesyon osijè dwa ou, oswa asistans, ou kapab kontakte plan asirans ou oswa Medicaid eta oswa pwogram CHIP. Si w panse yo te chaje ou pou tès oswa sèvis kouvèti asirans ou an sipoze peye, kenbe fakti a epi rele nimewo telefon ki sou kat asirans ou an oswa dokiman plan touswit. Konpayi asirans yo gen sant sipò apèl pou ede manm plan yo.

- 1 Deskripsyon Sèvis** se yon deskripsyon sèvis swen sante ou te resevwa, tankou vizit medikal, tès laboratwa, oswa tès depistaj.
- 2 Frè Doktè** se kantite lajan Doktè ou faktire pou vizit la.
- 3 Chaj otorize** se kantite lajan Doktè ou pral ranbouse; sa kapab pa menm jan tankou frè Doktè a.
- 4 Peye pa Konpayi Asirans** se kantite lajan plan asirans ou an pral peye Doktè ou.

- 5 Benefisyè** se moun ki pral resevwa nenpòt ranbousman paske yo te peye reklamasyon an aplis.
- 6 Sa ou dwe** se kantite lajan pasyan an oswa manm plan asirans lan dwe apre asirans ou fin peye tout lòt bagay yo. Ou te kapab deja peye yon pati nan montan sa, e peman yo vèse dirèkteman bay Doktè w la montan lajan sa ka pa redwi ladan.
- 7 Remak Kòd** se yon nòt ki soti nan plan asirans lan ki bay plis eksplikasyon osijè depans, frè, chaj ak kantite lajan ki peye pou vizit ou a.

Kontakte plan sante ou si w gen kesyon osijè EOB ou.

GLOSÈ

Apèl (Appeal)

Yon apèl se aksyon ou kapab pran si ou pa dakò avèk yon kouvèti asirans oswa yon desizyon peman pa plan sante w la. Ou kapab fè apèl si plan sante ou refize youn nan sa ki annaprè a:

- Demann ou pou sèvis swen sante, apwovizyonman, oswa preskripsyón medikaman ou panse ou ta dwe jwenn
- Demann ou pou peman swen sante oswa pou yon preskripsyón medikaman ou déjà genyen
- Demann ou pou chanje kantite lajan ou dwe peye pou yon preskripsyón medikaman
- Ou ka fè apèl tou si ou déjà gen kouvèti asirans epi plan sante w la sispann peye.

Ko-asirans (Co-Insurance)

Yon montan lajan ou ka oblige peye kòm patisipasyon ou nan pri pou sèvis apre ou fin peye nenpòt dediktib. Ko-asirans se jeneralman yon pouvantaj (pa egzanp, 20%).

Kopeman (Copayment)

Yon montan lajan ou ka oblige peye kòm patisipasyon w nan pri pou yon sèvis medikal oswa ekipman, tankou yon vizit nan klinik doktè, vizit pasyan andeyò lopital, oswa preskripsyón medikaman. Yon kopeman se jeneralman yon kantite lajan fiks, olye de yon pouvantaj. Pa egzanp, ou ka peye \$10 oswa \$20 pou yon vizit nan klinik doktè oswa preskripsyón.

Dediktib (Deductible)

Se montan lajan ou dwe pou sèvis swen sante asirans sante ou oswa plan kouvri anvan asirans sante ou oswa plan kòmanse peye.

Sèvis Dijans (Emergency Services)

Evalye yon maladi, blesi, sentòm, oswa kondisyon ki sitèlman grav ke yon moun ta chèche swen touswit ak tretman pou evite maladi a pa agrave.

Sèvis ki Ekskli (Excluded Services)

Sèvis swen sante ke kouvèti asirans sante ou oswa plan pa peye.

Eksplikasyon Benefis yo (oswa EOB) (Explanation of Benefits or EOB)

Yon rezime chaj pou swen sante ke konpayi asirans ou voye ba ou apre w fin soti lakay yon Doktè oswa ou resevwa yon sèvis. Se pa yon fakti. Se yon dosye swen sante oumenm oswa moun yo ki kouvri anba asirans ou resevwa ak kantite lajan Doktè w la ap chaje konpayi asirans ou.

Fòmilè (Formulary)

Yon lis medikaman preskripsyon ki kouvri pa yon plan medikaman preskripsyon oswa yon lòt plan asirans ki ofri benefis medikaman preskripsyon. Li rele egalman yon lis medikaman.

Swen Pasyan Andeyò Lopital (Hospital Outpatient Care)

Swen nan yon lopital ki jeneralman pa egzije pou rete pase yon nwit.

Ko-asirans nan-rezo (In-network Co-Insurance)

Pousantaj la (pa egzanp, 20%) ou peye pou montan otorize pou sèvis swen sante ki kouvri a, Doktè yo ki gen kontra avèk asirans sante ou oswa plan. Ko-asirans nan rezo jeneralman koute ou mwens pase ko-asirans andeyò rezo a.

Kopeman nan rezo (In-network Copayment)

Yon kantite lajan fiks (pa egzanp, \$15) ou peye pou sèvis swen sante a Doktè yo ki gen kontra avèk asirans sante ou oswa plan. Kopeman nan rezo jeneralman koute ou mwens pase kopeman andeyò rezo a.

Rezo (ki refere egalman tankou nan-rezo) (Network)

Etablisman yo, Doktè yo, ak Doktè konpayi asirans ou oswa konpayi plan te pran kontra sèvis pou bay sèvis swen sante.

Andeyo-rezo (Out-of-network)

Yon Doktè ki pa gen kontra avèk asirans sante w la oswa plan pou ba ou sèvis, Ou pral peye plis lajan pou itilize yo.

Ko-asirans andeyo-rezo (Out-of-network Co-Insurance)

Pousantaj (pa egzanp, 40%) ou peye nan peman ki otorize pou sèvis swen sante ki kouvri a Doktè yo ki pa gen kontra avèk asirans sante ou oswa plan. Ko-asirans andeyò rezo a jeneralman koute ou plis lajan pase ko-asirans nan rezo a.

Kopeman Andeyo-rezo (Out-of-network Copayment)

Yon kantite lajan fiks (pa egzanp, \$30) ou peye pou sèvis swen sante ki kouvri nan men Doktè yo ki pa gen kontra avèk asirans sante ou oswa plan. Kopeman andeyo rezo a jeneralman plis pase kopeman nan rezo.

Debousman maksimòm ki soti nan pòch ou (Out-of-pocket Maximum)

Pi plis lajan ou peye pandan yon peryòd kontra asirans (jeneralman yon lane) anvan asirans sante w oswa plan kòmanse peye 100% pou benefis sante esansyèl ki kouvri yo. Debousman maksimòm ki soti nan pòch ou gen ladan dediktib anyèl e li kapab gen ladan tou nenpòt pataj depans ou genyen apre dediktib la. Pou pifò plan sante pou ane 2014 la, debousman maksimòm pi elve ki soti nan pòch ou pou yon moun endividyal se \$6,350 ak \$12,700 pou yon fanmi. Chif sa yo pral monte nan ane 2015.

Otorizasyon alavans (Preauthorization)

Yon desizyon pa asirans sante ou oswa plan ke yon sèvis swen sante, plan tretman, preskripsyon medikaman, oswa ekipman medikal dirab nesesè. Pafwa nesesite otorizasyon alavans, apwobasyon alavans, oswa sètifikasyon alavans. Asirans sante ou oswa plan ka mande otorizasyon alavans pou sèten sèvis anvan ou resevwa yo, eksepte nan yon ka ijans. Otorizasyon alavans se pa yon pwomès ke asirans sante ou oswa plan pral kouvri depans lan.

Prim (Premium)

Peman peryodik a yon konpayi asirans oswa yon plan swen sante pou kouvèti asirans sante oswa preskripsyon.

Sèvis Prenvantif (Preventive Services)

Swen sante woutin ki gen ladan egzamen, tchekòp, ak konsèy pasyan pou prevni kondisyon, maladi, oswa lòt pwoblèm sante oswa pou detekte maladi nan yon etap bonè, lè tretman pwobableman ap travay pi byen (sa a ka gen ladan sèvis tankou vaksen pou grip, nemomi, vaksen, ak egzamen tankou mamogram, tès depsitaj sante konpòtman/depresyon, oswa tès pou kontwole tansyon, depannde sa yo rekòmande pou ou).

Founisè swen primè (Primary Care Provider)

Doktè ou wè anvan pou pifò nan pwoblèm sante. Li kapab pale egalman avèk lòt doktè yo oswa Doktè swen sante osijè swen w epi refere ou ba yo. Nan anpil plan sante, ou dwe wè yon doktè Premye Swen anvan ou wè nenpòt lòt Doktè swen sante.

Espesyalis (Specialist)

Yon doktè espesyalis konsantre nan yon domèn spesifik nan medsin lan oswa yon gwoup pasyan pou l dyagnostike, jere, prevni, oswa trete sèten kalite sentòm ak maladi. Yon espesyalis ki pa doktè se yon Doktè ki gen plis fòmasyon nan yon domèn spesifik nan swen sante.



LYEN KI ITIL

Jwenn Pwoteksyon Asirans

Kijan pou jwenn pwoteksyon asirans atravè Mache Asirans Sante a

<https://www.healthcare.gov/blog/4-steps-to-getting-covered-in-the-health-insurance-marketplace/>

Ki kantite lajan asirans sante pral koute?

<http://kff.org/interactive/subsidy-calculator/>

Ki plan ki disponib nan zòn mwen an?

<https://www.healthcare.gov/apply-and-enroll/health-insurance-plans-estimator-overview/>

Valè Prevansyon

Konprann prevansyon ak Lwa sou Swen Abòdab

<https://www.healthcare.gov/coverage/preventive-care-benefits/>

Jwenn yon Doktè

Revize ak evalye Doktè lokal yo

<http://www.healthgrades.com>

Planife Premye vizit ou

Etap yo pou ede ou planife premye vizit ou

<http://www.ahrq.gov/patients-consumers/patient-involvement/ask-your-doctor/questions-before-appointment.html>

Kesyon pou mande Doktè ou

Sijè ak kesyon pou diskite avèk Doktè a pandan vizit ou

<http://www.ahrq.gov/patients-consumers/patient-involvement/ask-your-doctor/questions-during-appointment.html>

Relasyon Pasyan-Doktè

Enpòtans komunikasyon avèk Doktè ou

<http://www.ahrq.gov/patients-consumers/patient-involvement/ask-your-doctor/videos/index.html>

Kontwole medikaman ou

Gid Pasyan ak kat bous ou pou kenbe yon dosye de tout medikaman yo

<https://www.ahrq.gov/patients-consumers/patient-involvement/ask-your-doctor/tips-and-tools/yourmeds.html>

Medicaid ak CHIP

**Enfòmasyon sou pwogram
Medicaid Eta.**

www.medicaid.gov

**Pou jwenn enfòmasyon sou
pwogram spesifik Medicaid Eta.**

[https://www.medicaid.gov/state-overviews/
index.html](https://www.medicaid.gov/state-overviews/index.html)

**Enfòmasyon sou pwogram
asirans sante timoun**

www.insurekidsnow.gov

Lis Kontwòl Pèsonèl sou Sante

Lis kontwòl sa gen kèk egzamen komen ak sèvis preventif ke ou kapab rete ou, sèks, ak kondisyon kwosès lè ou ale nan www.healthfinder.gov/myhealthplan

Pwoteje Idantite ou: Kenbe enfòmasyon pèsonèl ou ansekirite, keseswa ou. Estoke epi jete enfòmasyon pèsonèl ou an tout sekirite, espesyalman nimewou.

Egzamen Depistaj Sante	Dat	Rezulta
Wotè ak Gwosè		
Endis Mas Kò (BMI)		
Tansyon		
Kolestewòl		
Vaksen ak lminizasyon		
Egzamen Kansè nan Matris sa a rele pafwa yon tès Pap		
Egzamen kolonoskopì) kansè kolorektal		
Egzamen kansè nan tete (mamogram)		
Lòt egzamen Rekomande pou		

esevwa. Ou kapab fè yon lis kontwòl spesyal de bezwen ou baze sou laj [healthfinder](#).

sou papye, sou entènèt, oswa sou òdinatè ou ak nan aparèy mobil yo. Ewo sosyal sekirite ou.

ENFÒMASYON ENPÒTAN OU



Fèy de wout
sa-a se pou _____

Non Plan Asirans Sante _____

Nimewo Kontra _____

Nimewo Gwoup _____

Nimewo Telefòn Plan Sante _____

Doktè Primè _____

Lòt Doktè yo _____

Famasi _____

Alèji _____

Kontak Ijans _____

Medikaman _____

Lòt _____

Pwoteje Idantite ou: Kenbe enfòmasyon pèsonèl ou ansekirite, keseswa sou papye, sou entènèt, oswa sou òdinatè ou ak nan aparèy mobil yo. Esto ke epi jete enfòmasyon pèsonèl ou an tout sekirite, espesyalman nimewo sosyal sekirite ou.



CMS Product No. 11813-HC
Dat Revizyon Jiyè 2018

go.cms.gov/c2c